**Superintendent of Schools**
*Alberto M. Carvalho*

**Miami-Dade County School Board**
*Perla Tabares Hantman, Chair*
*Dr. Steve Gallon III, Vice Chair*
*Lucia Baez-Geller*
*Dr. Dorothy Bendross-Mindingall*
*Christi Fraga*
*Dr. Lubby Navarro*
*Dr. Marta Pérez*
*Mari Tere Rojas*
*Luisa Santos*


23 Avril 2021

Chè Paran/Gadyen Lekòl Leta Miami-Dade County:

Pandan pandemi sante COVID-19 la, "Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)" (Lekòl Leta Miami-Dade County) pa t chanje nan angajman li pou mete sante ak byennèt elèv ak anplwaye li yo an premye. M-DCPS kontinye travay avèk Depatman Sante Florid, ofisye sante ak ekspè local yo, nan devlope pwotokòl sante ak sekirite pou anplwaye ak elèv nou yo.

Konsa, Distri a kontakte Komite Pwovizwa Sante ak Ekspè Medikal yo konsènan konsiderasyon pou diminye peryòd karantèn nan avèk egzante moun ki konplètman vaksinen oubyen ki pa gen sentòm aprè karantèn. "The Centers for Disease Control and Prevention (CDC)" (Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi) mete tou de opsyon sa yo disponib pou aplike.

Baze sou konsèy medikal nou resevwa, nou kontan enfòme ou kòmanse lendi 26 avril 2021, pwotokòl karantèn COVID-19 Distri a pou moun ki idantifye kòm "kontak pwòch" yo ap mete ajou jan sa a:

| **Revizyon Pwotokòl Karantèn** | |
|---|---|
| ***10 jou Machasuiv Karantèn*** | • Moun ka fini karantèn nan aprè 10 jou san yo pa fè tès.<br>• Moun ki an karantèn dwe kontinye kontwole sentòm yo pou jiska 14 jou aprè yo te ekspoze.<br>  o Si yon moun devlope sentòm, yo dwe imedyatman izole tèt yo epi kontakte founisè swen sante yo.<br>• Pandan karantèn 10 jou a, moun yo dwe kontinye mete yon mask, kenbe 6 pye distans ak lòt moun, lave men yo epi evite foul moun. |
| ***Machasuiv Karantèn pou Moun ki Pran Vaksen Konplè yo*** | Elèv ak anplwaye yo ki resevwa vaksen yo konplètman pap bezwen karantèn si yo satisfè **TOUT** kritè CDC sa yo:<br>• Vaksinen konplètman: 2 semèn aprè dezyèm dòz la si w pran seri 2 dòz la, oubyen 2 semèn aprè yon sèl dòz pou vaksen yon sèl dòz.<br>• Moun nan dwe rete san sentòm depi dènye fwa li te *ekspoze a COVID-19* la.<br>• Moun yo pa dwe abite an gwoup oubyen kay ki gen anpil moun.<br><br>*Si yon moun konplètman vaksinen pa satisfè **TOUT** kritè ki anwo yo, li rekòmande pou li kontinye swiv machasuiv karantèn 10 jou yo si yo ekspoze a yon ka konfime oubyen posib pou COVID-19 la. |

**Superintendent of Schools**
*Alberto M. Carvalho*

**Miami-Dade County School Board**
*Perla Tabares Hantman, Chair*
*Dr. Steve Gallon III, Vice Chair*
*Lucia Baez-Geller*
*Dr. Dorothy Bendross-Mindingall*
*Christi Fraga*
*Dr. Lubby Navarro*
*Dr. Marta Pérez*
*Mari Tere Rojas*
*Luisa Santos*

Enfòmasyon sou COVID-19 toujou ap evolye e M-DCPS ap asire paran yo ak kominote nou an rete byen enfòme atravè deklarasyon piblik, mesaj sou medya sosyal, kominikasyon ant lekòl-lakay ak sit entènèt nou an nan reopening.dadeschools.net.

Distri a ap kontinye kolabore ak "Florida Department of Health (FDOH)" (Depatman Sante Florid) ak ekspè sante lokal nou yo konsènan nenpòt ajisteman nan pwotokòl COVID-19 alavni. Pandan nou tout ap kontinye navige moman sa a, M-DCPS ap bò kote ou, pou ba ou dènye enfòmasyon ak resous ki disponib pou asire pitit ou an sekirite epi ankadre yo. Lè pou asire tout timoun kontinye aprann, grandi ak devlope pandan tan ensèten sa a, nou tout nan menm bato a.

Sensèman,

Mrs. Nicole Bergè-MacInnes
Principal